

Financial Assistance Documents

Florida Hospital Altamonte

Submit to: Patient Financial Services

601 E. Altamonte Drive

Altamonte Springs, FL 32701

Phone: 407-303-0500

Fax: 407-200-4977

www.floridahospital.com/altamonte

Jwenn Èd Pou Peye Fakti Ou

Enfòmasyon sa a se pou nenpòt moun ki resevwa sèvis nan yon etablisman Adventist Health System oswa yon pwofesyonèl swen sante ki afilye ak li. Ou kapab gade yon lis etablisman Adventist Health System yo nan www.adventisthealthsystem.com. Paske nou se yon lopital konfesyonèl, nou bay tout pasyan swen medikal, menm sa yo ki gen difikilte pou peye pou sèvis yo paske yo pa gen mwayen. Ou kapab mande èd pou peye fakti ou nenpòt lè pandan ou entènè lopital la oswa pandan pwosesis faktirasyon an.

Pou Kalifye Pou Èd

Si ou resevwa sèvis ijan oswa sèvis nesèsè pou rezon medikal epi ou pa gen asirans medikal nan yon asirans komèsyal oswa pwogram gouvènmantral, gen posiblite pou kalifye pou asistans finansyè. Kantite asistans la ap depann selon revni ou fè chak ane ak kantite moun nan fanmi ou. Si revni chak ane ou egal a 200% Gid Pòvrete Federal la oswa pi piti, ou kapab pa oblije peye fakti ou a.

Gid Pòvrete Federal Ane 2018	
Kantite moun nan kay la	200% Pòvrete
1	\$24,280
2	\$32,920
Pou chak moun an plis, ajoute \$8,640	

Si revni ou pa nan nivo gid la pou peye tout fakti a nèt, ou kapab toujou kalifye pou resevwa èd pou peye tout fakti ou a. Ou kapab kalifye selon lòt faktè nan aplikasyon ou a tou.

Pou Aplike Pou Èd

Ou kapab aplike pou èd pou èd ak fakti ou swa an pèsòn, pa lapòs oswa pa telefòn. Pou resevwa yon aplikasyon, rele depatman Sèvis Kliyantèl nou, vizite sit entènèt nou oswa ale nan sèvis anrejistremant pasyan nan lopital nou an. W ap jwenn nimewo telefòn, sit entènèt ak adrès nou nan seksyon asistans finansyè sou sit entènèt nou an ak sou premye paj dokiman sa a lè li enprime. Enfòmasyon sa a disponib nan lòt lang sou sit entènèt nou oswa nan sèvis anrejistremant pasyan an tou.

Swen Ijan ak Swen ki Nesèsè Pou Rezon Medikal

Si ou kalifye pou èd pou peye fakti ou, yo p ap mande ou pou peye plis pou swen ijan oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal pase sa yo mande moun ki gen asirans yo peye. Nou konpare kantite pasyan ki gen asirans ak sa konpayi asirans yo peye pou deside konbyen ou dwe. Ou kapab gade prensip charite nou sou sit entènèt nou.

Dokiman Sipò

Si ou vle patisipe nan pwogram asistans finansyè nou an, w ap responsab pou bay enfòmasyon ak dokiman nou bezwen yo a tan. W ap bezwen pataje tout efòmasyon sou avantaj sante, revni, byen, ak nenpòt lòt bagay ki kapab ede nou deside si ou kalifye pou asistans. Dokiman nou kapab bezwen se relve labank, fòm deklarasyon taks ak sous chèk travay.

Aktivite Koleksyon

Nou kapab voye fakti ou pa peye 100 jou apre dat premye fakti a bay yon ajans koleksyon. Nou kapab voye fakti ou pa peye 120 jou apre dat premye fakti a sou kredi ou menm oswa garan ou. Ou menm ak garan ou kapab ranpli yon aplikasyon pou aplike pou èd ak fakti ou nenpòt lè pandan pwosesis koleksyon an.

Aplikasyon Pou Asistans Finansyè

(Ou dwe ranpli tout pati amwenske li make pou w pa fè sa)

FIN: _____

MRN: _____

Siyati, Prenon Pasyan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	*Kantite Moun Nan Kay la	Revni Chak Ane Kay la 12 Dènye Mwa yo \$
Si se Yon Minè, Siyati, Prenon Garan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Sous Revni Garan an	
Veyikil Nan Kay la tankou Machin/Bato/RV (Ane/Mak/Modèl) (Si ou vle bay li)	Balans Kont Kouran/Depay (Si ou vle bay li)	Pwopriyete ou Genyen ak Valè yo (Si ou vle bay li)	Balans Kont CD/Retrèt/ Envestisman (Si ou vle bay li)	Lòt byen (Si ou vle bay li)
Adrès Pasyan an		Nimewo Telefòn Lakay		SI revni ou se \$0, tanpri chwazi youn:
Vil, Eta, Kòd Postal		Lòt Nimewo Telefòn		Ap viv ak Fanmi
Kantite timoun ki poko gen 21 ane ki kay la: _____				Nan Retrèt
				Nan Chomaj
				Andikape
				San kay

Tanpri li sa avan ou siyen. Mwen SÈTIFYE tout enfòmasyon mwen bay sou sityasyon finansyè mwen konplè ak egzat dapre tout konesans mwen. M ap aplike swa poukont mwen oswa ak asistans anplwaye nan lopital la pou NENPÒT ak TOUT ASISTANS ki kapab disponib nan sous gouvènman federal, eta, lokal ak prive pou peye pou fakti lopital sa a. Mwen konprann si mwen pa kopere ak lopital mwen lè li mande mwen enfòmasyon, yo kapab refize aplikasyon mwen pou asistans finansyè posib. Nan dokiman sa a, mwen bay pèmisyon epi mwen otorize ajan ki gen otorizasyon nan pwogram Medicaid la pou pataje ak lopital mwen an TOUT enfòmasyon sou sityasyon aplikasyon Medicaid mwen epi si yo ap te apwouve aplikasyon an ak rezon yo pa te apwouve li a. Mwen ap TRANSFERE bay lopital ki ba mwen swen an TOUT LAJAN mwen resevwa nan sous yo ki anwo a, yo ta ban mwen pou ede ak FAKTI LOPITAL mwen. Mwen menm, sou non mwen, ak pou fanmi mwen, reprezantan, doktè, konseye (ak pastè/prèt ladan) ak avoka ki otorize, dakò pou kenbe an sekre nenpòt kominikasyon alekri ak/oswa diskisyon ant mwen ak lopital ki ba mwen swen sou sa ki gen pou wè ak sèvis lopital la ban mwen. Mwen konprann lopital ki ba mwen swen an ap verifiye enfòmasyon mwen bay yo, tankou ak ajans rapò sou kredi, epi AJANS FEDERAL ak/oswa ETA lòt ajans kapab verifiye enfòmasyon sa yo tou lè li nesese. Mwen OTORIZE travay mwen pou bay lopital ki ba mwen swen an prèv revni mwen. Mwen REKONÈT si yo te dekouvri nenpòt enfòmasyon mwen bay yo se manti, lopital ki ba mwen swen an ap re-evalye sityasyon finansyè mwen epi fè sa ki vin apwopriye. Lwa Florida s.817.50 (1). Nenpòt moun, ki fè fwod ak volonte epi ak entansyon, pou jwenn oswa eseye jwenn machandiz, pwodwi oswa sèvis nan nenpòt lopital nan eta sa a ap koupab yon krim dezyèm degre, epi pinisyon li ap selon sa ki nan s.775.082 ou s.775-083. **Pou kalifye pou asistans, ou kapab bezwen bay omwen yon dokiman sipò ki verifiye revni kay la. Kèk dokiman sipò kapab dènye deklarasyon enpo, yon W-2 resan, yon lèt sipò notarye, ak plis bagay toujou. Yo kapab refize demann ou pou asistans si ou pa bay dokiman sipò. Si gen nenpòt rès lajan ou pa peye yo kapab pran plis aksyon koleksyon pou touche lajan an.**

Pou asistans ak aplikasyon sa a, tanpri rele (407) 303-0500.

 Siyati Aplikan/Garan

 Dat Li Ranpli

*Lè w ap kalkile kantite moun ki nan kay la, se sèlman moun sa yo ki konte: 1) Fanmi san ou ki rete nan kay la, 2) Fanmi pa maryaj ki rete nan kay la, ak 3) Fanmi pa adopsyon legal ki rete nan kay la.

APLIKASYON POU ASISTANS FINANSYÈ

(Ou dwe ranpli tout pati amwenske li make pou w pa fè sa)

Siyati, Prenon Pasyon	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	*Kantite Moun Nan Kay la	Revni Chak Ane Kay la 12 Dènye Mwa yo \$
Si se Yon Minè, Siyati, Prenon Garan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Sous Revni Garan an	
Veyikil Nan Kay la tankou Machin/Bato/RV (Ane/Mak/Modèl)	Balans Kont Kouran/Depay	Pwopriyete ou Genyen ak Valè yo	Balans Kont CD/Retrèt/ Investisman	Lòt byen
(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)
Adrès Pasyon an		Nimewo Telefòn		Si revni ou se \$0, Tanpri tcheke tout sa ki apwopriye pou ou: <input type="checkbox"/> Ap viv ak Fanmi <input type="checkbox"/> Ap viv ak Zanmi <input type="checkbox"/> Nan Retrèt <input type="checkbox"/> Nan Chomaj <input type="checkbox"/> Andikape <input type="checkbox"/> San kay
		Ap Viv Lakay li		
Kantite timoun ki poko gen 21 ane ki kay la: <input type="checkbox"/>		Lòt Nimewo Telefòn		

Tanpri li sa avan ou siyen. Mwen **SÈTIFYE** tout enfòmasyon mwen sot bay yo la a se verite epi yo egzat selon tout sa mwen konnen. M ap aplike swa poukont mwen oswa ak asistans anplwaye nan lopital la pou NENPÒT ak TOUT ASISTANS ki kapab disponib nan sous gouvènman federal, eta, lokal ak prive pou peye pou fakti lopital sa a. Mwen konprann si mwen pa kopere ak lopital mwen lè li mande mwen enfòmasyon, yo kapab refize aplikasyon mwen pou asistans finansyèl posib. Nan dokiman sa a, mwen bay pèmisyasyon epi mwen otorize ajan ki gen otorizasyon nan pwogram Medicaid la pou pataje ak lopital mwen an TOUT enfòmasyon sou sityasyon aplikasyon Medicaid mwen epi si yo ap te apwouve aplikasyon an ak rezon yo pa te apwouve li a. Mwen ap TRANSFERE bay lopital ki ba mwen swen an TOUT LAJAN mwen resevwa nan sous yo ki anwo a, yo ta ban mwen pou ede ak FAKTI LOPITAL mwen. Mwen menm, sou non mwen, ak pou fanmi mwen, reprezantan, doktè, konseye (ak pastè/prèt ladan) ak avoka ki otorize, dakò pou kenbe an sekre nempòt kominikasyon alekri ak/oswa diskisyon ant mwen ak lopital ki ba mwen swen sou sa ki gen pou wè ak sèvis lopital la ban mwen. Mwen konprann lopital ki ba mwen swen an ap verifye enfòmasyon mwen bay yo, tankou ak ajans rapò sou kredi, epi AJANS FEDERAL ak/oswa ETA lòt ajans kapab verifye enfòmasyon sa yo tou lè li nesèsè. Mwen OTORIZE travay mwen pou bay lopital ki ba mwen swen an prè revni mwen. Mwen REKONÈT si yo te dekouvri nempòt enfòmasyon mwen bay yo se manti, lopital ki ba mwen swen an ap re-evalye sityasyon finansyèl mwen epi fè sa ki vin apwopriye. **Pou kalifye pou asistans, w ap bezwen bay omwen yon dokiman sipò ki verifye revni kay la. Kèk dokiman sipò kapab dènye deklarasyon enpo, yon W-2 resan, yon lèt sipò notarye, ak plis bagay toujou. Y ap refize demann ou pou asistans si ou pa bay dokiman sipò. Si gen nempòt rès lajan ou pa peye yo kapab pran plis aksyon koleksyon pou touche lajan an.**

Pou asistans ak aplikasyon sa a, tanpri rele nimewo telefòn sèvis kliyantèl lopital la ki nan seksyon asistans finansyèl sou sitwèb nou an oswa sou premye paj dokiman sa a lè li enprime.

Siyati Aplikan / Garan

Dat li Ranpli

*Lè w ap kalkile kantite moun ki nan kay la, se sèlman moun sa yo ki konte: 1) Fanmi san ou ki rete nan kay la, 2) Fanmi pa maryaj ki rete nan kay la, ak 3) Fanmi pa adopsyon legal ki rete nan kay la.